# Сулайман Бақырғаний дөретиўшилигинде әдеп-икрамлылық, йиман ҳәм руўхый пәклик мәселеси

***Сапарова Гулбахар  «Миллий идея, руўхыйлық тийкарлары ҳәм ҳуқық тәлими» кафедрасының үлкен оқытыўшысы***

Сулайман Бақырғаний (Сулайман-Ата, Ҳәким-Хожа)[1] (1091-1186ж) – түрк «әўлийе» әпсанәўий суфийлық шайхы, Орта Азияда исламды тарқатыўшы. Хожа Аҳмет Яссаўийдиң белгили шәкиртлеринен бири, Яссаўия тариқатында 4-ши халиф. Лақабы Ҳәким-Ата (Данышпан-ата). Устазы: Хожа Аҳмет Яссаўий, шәкирти: Занги-Ата. Сулайман Бақырғаний «Ақыр заман китабы», «Ҳәзирет Марьям китабы» шығармаларының авторы. Ҳәким-Ата лақабы менен түрк мифологиясында атақлы болған.

Тәсәўўф тәлийматына үлкен үлес қосқан улама Ҳәким-Ата Сулайман Бақырғаний жаслайынан-ақ түсинимпаз ҳәм әдепли, иләҳыйлыққа талпынған, ҳадаллықты әдет қылған. Ол мектепке баратырғанда ҳәм оннан қайтқанда басқа балалар сыяқлы каламулланы қолтығына қысып емес, ал басыфна көтерип жүретуғын болған. Оны көрген ҳәзирети Аҳмет Яссаўий оны таңлап өзине шәкирт қылған.

Сулайман Бақырғаний 15 жасында Хожа Аҳмет Яссаўийдиң муриди болған. Сулайманға Хызыр атаның руўхы түсине киреди ҳәм оған Ҳәким Сулайман (Данышпан- Сулайман) аты менен атаныўын буйырады. Соннан баслап Сулайман өзиниң устазындай ҳикметлер шығармаларын жазыў қәбилетине ийе болады.

Сулайман Бақырғаний- атақлы түрк алымы, шайыр, диний ғайраткер. Ол суфийлық-дидактикалық әдебиятының тийкаршысы болған, белгили диний ғайраткер, улама ҳәм қыпшақ сахраларында ислам ағымы «жаҳрия» (яссаўизм)ди таратыўшы есапланады.

Сулайманға (Бақырған) лақабы Қарақалпақстанда жайласқан Бақырған аўлы менен байланыслы болған. Оның аўылға жайласыўының тийкары Хожа Аҳмет Яссаўийдиң тапсырмасы менен исламды кең тарқатыў ушын,

---
[1] Ru.m. wikipediya.org

өзиниң шәкиртлерин дүньяның ҳәр тәрепине жибериўи менен байланыслы болған. Түйе Сулайманды Хорезмниң[2] (Ургенч) қаласынан батыс тәрепине қарай алып барады ҳәм Қараханийлер мәмлекетин басқарыўшы Ибраҳим II Багра-ханның жериниң Бинава-Аркасы аймағына келип тоқтайды. Хан атақлы Хожа Аҳмет Яссаўийдиң шәкиртиниң келгенине қуўанып, Сулайманға өзиниң қызы Анбар-Ана ( Ганбар, Амбар-Ана, Амбар-Биби, Анвар-Бегим)ны ҳаяллыққа береди, оны жер, мал менен сыйлықлайды ҳәм өзи де оған жақынлары менен муриди болады. Сулайман ҳәм Анбар-Ананың үш улы болған. Муҳаммед, Асқар ҳәм Үбби. Солардан ең қәбилетлиси Үбби-Хожа (Султан-эпе) болған, ол бир ўақыттың өзинде Каабаны Бақырғанға көширген. Әкеси баласының өзинен асып баратырғанын көрип қызганып қалады, Үбби әкесине өкпелеп үйинен кетип қалады. Сулайман Алла тааланың қарғысына ушырайды. Бақырғаныйдың мазары 40 жыл суўдың астында қалады, кейнен ҳеш ким оны ядына алмайды. Илимпазлар бул мазарды суў алыў эпсанасын Әмиўдарья сағасының өзгериўин монғоллардың 1221 жылы дамбаны бузып ўайран қылып кетиўи менен байланыстырады.[3] Сулайманның өлиминен соң оның жесири Анбар-Ана Яссаўия тариқатының 5-ши халифасы Занги-Атаға турмысқа шығады. Анбар-Ананың мавзолейи Ташкентке жақын жерде Занги-Ата мавзолейи қубла-батыс тәрепинде жайласқан.

Бизиң ойымызша, Сулайман-Ҳәкимниң Бақырған аты ҳаққында анықлық киргизиў керек сыяқлы. Гейпара эпсаналарда «түйе шөккен жерде бақырған» сол жердиң атын соннан кейин «Бақырған» атаған деген түсиниклер бар. Буларды бийкарламастан ол лақапты Шығыс дәстүрине байланыслы, Сулайманның шыққан жериниң аты менен байланыслы деп түсиниўге болар еди.

Ҳәким-Ата өз шығармаларында Хожа Аҳмет Яссаўийди улығлай отырып, өзи де оның уламалық дәрежесине көтерген.

---

[2] Келимбетов Н.Сулейман Бакыргани (XII век).Раздел.образов.биогр.свед. Каз.2015

[3] Белич И.В. Легенда про Хаким-Ата. Тюркские народы. Сборник. Тобольск-Омск. ОмГПУ. 2002.с.405-412.

Ол Хожа Аҳмет Яссаўийдиң уллылығын былай сүўретлейди:

*«Ясси суўдан арасы,*
*Етур гаўҳар парасы*
*Машайықлар сереси,*
*Шайқым Аҳмет Яссаўий*
*Қызыр менен сәўбетли,*
*Ильяс пенен үлпетли*
*Ҳақ қасында ҳүрметли*
*Шайқым Аҳмет Яссаўий»*[4]

Ал, ҳәзирет Хожа Аҳмет Яссаўий қарақалпақлар арасында өзиниң хызметлери ҳәм ҳикметлери менен оған байланыслы әпсаналары менен кең таралған улама.

Сулайман  Бақырғанийдиң шайырлығы өз алдына айрықша ҳәм қудайға ышқы етиўдиң ең жоқары шеберлигинде бериледи.

Әсиресе, нәпси қуллығын қатты қаралап, нәпсини шеклеўдиң әҳмийетин көрсетип нәпси менен руўхтың қарсылығын ҳәм руўхыйлықтың нәпсиден үстем болыў зәрүрлигин баянлайды. Ол «булл бес күнлик дүньяда дәўран сүр, денеңди жайрат» деген нәпсиге қарсы руўх «илим менен тариқат жолын бил, сәҳәр турмақты әдет қыл»[5] дейди. Руўх «тариқат майданында жаўлан урмастан муҳаббат пырағын минип шаппастан, ҳақыйқат дәрьясынан гаўҳар алып болмайды» деп, ал нәпси тек дүньяның мүлкине ийелик етиўге, оның ушын отқа түсиўге таяр деп көрсетеди.

Сулайман  Бақырғанийдиң  шығармасы бес бөлимнен ибарат. Биринши бөлимге лирикалық қосық-жырлаў киреди. Екинши бөлиминде дидактикалық-философиялық қосық-ҳикметлер. Үшинши бөлимде «Меражнама» Алланы мақтаў-уллылаў қосығы. Төртинши бөлимде  «Ақыр заман» поэма-дәстаны. Бесинши бөлими ойлаў-толғаў «Биби-Марьям»ға бағышланған.

Сулайман Бақырғаний шығармасының баслы идеясы инсанларды жақсылыққа, адамгершиликке, инсапқа, сабырлыққа,  йиманлылыққа,

---
[4] Ж.Базарбаев «Миллий идея-бизиң идеямыз», 40-бет
[5] Ж.Базарбаев «Миллий идея-бизиң идеямыз», 41-бет

кәмилликке, руўхый пәкликке ҳәм әдеп-икрамлылыққа шақырады. Оның айтыўынша, ҳәр бир инсан  руўхый кәмилликке ерисиў ушын Алланы билиўи ҳәм жақсы түсиниўи керек (Ҳақ, абсолют руўх).  Бул мақсетке ерисиў ушын, инсан төрт басқыштан өтиўи керек, бул- шариат (исламдағы туўры жол), тариқат (идея, суфийлық илимниң мақсети), маърифат (ағартыўшылық) тийкарғы мусылман тәлийматларының мазмуны, ҳақыйқат (ҳаққа жақынласыў).

Сулайман Бақырғаний өзиниң дөретиўшилигинде  суфийлар идеясының тийкарғы тәлийматы ҳаққында айта отырып, инсанның жәмийеттеги искерлигиниң әдалатлы  тәреплерин ашып бериўге ҳәрекет етеди. Ол Алланың инсанға  инам еткен қуўанышлы өмиринен үнемли пайдаланып, илим ҳәм көркем-өнер үйрениўге шақырады.

Ол Аллаға болған муҳаббат, сүйиспеншилик, ҳүрмет - адамлардың бир-бирин қәдирлеў ҳәм ҳүрметлеўи арқалы болатуғынлығын жырлайды. Өзиниң қосықларында «Қул Сулайман айтады» деген қатарлар менен муҳаббат ҳаққында кең жырлайды. Лирикалық қосық қатарларында  ол бул уллы сезимниң тек ғана адамға тән екенлигин философиялық тәрийплеп бериўге ҳәрекет етеди. Руўхыңның пәклигиниң  бир көриниси  бул муҳаббат сезими, Аллаға болған муҳаббат. Ол ақыл менен ең  бийик жоқары басқышларға алып шығады. Алланың қүдиретин усының менен аңлап жетеди.

**Пайдаланған әдебиятлар:**

1.Ж.Базарбаев «Миллий идея-бизиң идеямыз», 40-бет

2.Бартольд. Хаким-Ата. 1964.с.532.

3.Басилов В.Н. О происхождении туркмен-ата (простонародные формы среднеазиатского суфизма) Домусульманские верования и обряды в Средней Азии.М.Наука.1975.

4.Келимбетов Н. Сулейман Бакыргани (XIIвек). Раздел.образов. биогр. свед. Каз.2015

5.Белич И.В. Легенда про Хаким-Ата. Тюркские народы. Сборник. Тобольск-Омск. ОмГПУ. 2002.с.405-412.

6.Ru.m.wikipediya.org